

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl pou lè gen yon dife bwousay

Plis moun ap konstwi kay yo nan mitan yon forè, nan zòn rural oswa nan mòn ki byen lwen. Moun ki abite nan zòn sa yo kapab apresye bote anvivo nman an men yo konfwonte ak yon danje veritab ki se dife bwousay. Dife bwousay souvan limen san pèsòn pa remake yo. Yo pwopaje rapid, yo brile pwousay (tipyebwa sèch) pye bwa ak kay. Lè gen yon dife bwousay, chak minit enpòtan !

Men lis rezèv ravitayman pou w pran sizoka ou ta dwe evakye

• Dlo—yon galon pa pèsòn, pa jou (yon rezèv pou 3 jou) • Manje—ki pa gate fasil, e ki fasil pou pare (yon rezèv pou 3 jou) • Flach • Radyo ki mache ak pil oswa ak yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib) • Pil anrezèv • Twous premye swen • Medikaman (yon rezèv pou 7 jou) ak atik medikal • Zouti miltifonksyonèl • Atik sanite ak ilyèn pèsònèl • Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak enfòmasyon medikal enpòtan, tit pwopriyete kay/kontra lokasyon kay la, batistè, kontra asirans yo) • Selilè avèk chajè yo • Enfòmasyon pou kontakte fanmi w ak sèvis ijans • Lajan kach • Yon kouvèti pou ka ijans • Plan zòn la • Lòt atik esansyèl ou pa ta ka ranplase si yo te detwi

Kisa mwen ta dwe fè pou mwen kò m ann avans ?



- Pran enfòmasyon osijè risk dife bwousay pou zòn ou.
- Pale avèk moun ki abite avèk ou osijè dife bwousay—kijan pou anpeche yo e sa pou yo fè si yon dife limen.
- Ekri nimewo telefòn yo ijans akote chak telefòn lakay ou.
- Asire w adrès ou ak nimewo kay la byen vizib nan antre lakou w la oswa ale a.
- Endike e kenbe an bon eta yon sous dlo ki konvenab andeyò kay la, tankou yon ti letan, yon rezèwva, yon pwi oswa yon pisin.
- Mete apa atik menaje yo ki kapab sèvi kòm zouti pou konbat dife a : rato, ach, egoyin, oswa twonsonèz (si elektrik), bokit ak pèl. Ou gen dwa bezwen konbat kèk ti dife anvan sekou dijans yo rive jwenn ou.
- Chwazi materyo konstriksyon ak plant ki reziste dife.
- Netwaye do kay la ansanm ak goutyè yo regilyèman.

Se pou w fè plan w alavans e pou w pwoteje tèt ou pandan yon dife bwousay.

- Planifye e jwenn de (2) wout pou evakye katye ou sizoka wout prensipal la bloke.
- Chwazi yon kote manm fanmi w kapab kontre andeyò katye a sizoka ou pa kapab antre lakay ou oswa ou blije evakye li.
- Idantifye yon moun ki pa abite nan zòn la ou kapab kontakte si liy telefòn lokal yo p ap mache.

Kisa mwen ta dwe fè si gen enfòmasyon ki di gen yon dife bwousay ki limen nan zòn mwen an ?



- Pare kò w pou evakye touswit nan premye alèrt.
- Koute estasyon radyo ak televizyon yo pou w konnen dènye enfòmasyon ijans yo.
- Toujou mete machin ou nan garaj la oswa pake l deyò fè l fè fas ak direksyon w ap pran pou evakye a.
- Mete bèt yo nan yon sèl pyès konsa ou kapab jwenn yo sizoka ou dwe evakye rapidman
- Fè plan pou kapab abite tanporèman kay zanmi oswa fanmi ki rete andeyò zòn ki menase a.

Pa rete twò lontan kote gen lafimen ak pousyè.

- Koute e gade tout apò konsènan kalite lè w ap respire a ak avètisman sante y ap ba w konsènan lafimen.
- Kenbe pòt ak fenèt fèmen pou lafimen ki deyò a pa antre vin sali oksijèn w ap respire a
- Itilize mòd resiklaj oswa resikilasyon ki enstale sou èkondisyone ki lakay ou oswa nan machin ou. Si w pa gen èkondisyone e li fè twò cho pou rete an kay la ak fenèt yo fèmen, chèche yon lòt kote pou w rete.
- Lè nivo lafimen an deja wo, pa itilize anyen k ap brile e ki kapab ogmante lapolisyon nan lè a, tankou bouji, chemine ak fou ki mache ak gaz. Pa pase aspiratè a poutèt li leve patikil ki deja andedan kay ou.
- Si ou gen opresyon (asmatik) oswa ou gen yon lòt kalite maladi poumon, swiv konsèy fousniè swen sante w e chèche jwenn swen medikal si sentòm yo vin pi grav.

Lè w ap tounen lakay ou apre yon dife bwousay ...



- Pa antre lakay ou jis lè ofisyèl nan depatman ponpye di w pa gen danje.
 - Avanse avèk prekosyon lè w ap antre nan zòn ki brile poutèt kapab genyen danje toujou, ikonpri andwa ki cho toujou, ki kapab limen touswit konsa.
 - Evite kab elektrik ki domaje oswa ki tonbe atè, poto elektrik avèk fil elektrik ki atè yo.
 - Fè atansyon pou pa mache sou twou sann e make yo kòm prekosyon sekirite—avèti fanmi w ak vwazen w pou yo pa pwoche twou yo tou.
 - Siveye bèt yo sere e kenbe yo anba kontwòl dirèk ou. Brèz ki envizib oswa andwa ki kontinye cho kapab brile pat oswa sabo yo.
 - Swiv enstriksyon sante piblik konsènan fason pou netwaye san danje sann dife ak fason pou sèvi ak mask pwoteksyon yo.
 - Voye dlo sou debri dife yo yon fason pou diminye kantite patikil pousyè yo.
 - Mete gan kwir nan men w ak solid ki solid ki gen semèl epè pou pwoteje men ak pye w.
 - Ou dwe jete yon fason ki akseptab tout prodwi netwayaj, penti, pil ak kontènè gazolin ki domaje yo pou evite risk pou lasante w.
- Asire w ou kapab konsome manje ak dlo w san danje.**
- Jete tout manje ki te rete deyò nan chalè, lafimen oswa ki kouvri ak laswi.
 - PA janm sèvi ak dlo ou panse ki ta ka kontamine pou lave vesèl. bwose dan w, pare manje, lave men, fè glas oswa pare melanj pou tibebe.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w te sibi yon dife bwousay, oswa nenpòt ki kalite dezaz, enskri w nan sit Wèb **Kwa-Wouj Ameriken An** sekirite e anfòm ki disponib grasa RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi wak zanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** apou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.